# ЫССЫХАНА БАҒДАРЫНДА ӘҲМИЙЕТЛИ КЕЛИСИМ БАҒДАРЛАМАСЫНА ҚОЛ ҚОЙЫЛДЫ




2023-жылдың 20-сентябрь сәнесинде Қарақалпақстан Республикасы Кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм бәнтлик министри Өзбекстанда Глобал жасыл өсиў институты (GGGI) ўәкилханасының баслығы Доктор Арон Русселлди қабыллады.

Арон Русселл тәрепинен атап өтилгениндей, Шөлкемниң тийкарғы мақсети – ықлым өзгериўи шараятларында раўажланған ҳәм базар экономикасын таңлаған мәмлекетлерде жасыл экономиканы раўажландырыў жолы арқалы турақлы экономикалық өсиўге көмеклесиў болып табылады.

2022-жылы Мәмлекетлик Экология комитети ҳәм Глобал жасыл өсиў институты тәрепинен Арал теңизи қурыўының унамсыз ақыбетлерин жумсартыў мақсетинде Аралбойы регионының жасылланыўын қаржыландырыўға бағдарланған биргеликтеги жойбарды әмелге асырыў жумыслары басланды. Жойбардың улыўма баҳасы 5,65 миллион АҚШ долларына тең.

Бул жойбар Халықаралық бирге ислесиў бойынша Корея агентлиги (KOICA) тәрепинен қаржыландырылады. Жойбар - Арал теңизи қурыўының унамсыз ақыбетлерин жумсартыў ушын Қарақалпақстан Республикасының жасыл реабилитациясына көмеклесиў, сондай-ақ, турақлы турмыслық

тәмийнат жәнe тәбийғый қәуиплерде турақлылықты тәмийинлеў бойынша илажларды белгилеў болып есапланады.

Бүгинги ушырасыўда усы илажлардың символикалық даўамы болып табылады. Министр С.Турманов тәрепинен Шөлкем ўәкиллерине Республикамызда Ҳүрметли Президентимиз Ш.Мирзиёев тәрепинен кәмбағаллықты қысқартыў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарында алып барылып атырған кең көлемли реформалар, соның ишинде, Қарақалпақстанда жумыссыз пуқараларды кәсипке бағдарлаў бойынша жаратылған шараятлар, сондай-ақ, халықтың бәнтлик дәрежеси, соның ишинде, жумыссыз қатламды, әсиресе, аўыл-хожалығы тараўында кәсипке бағдарлаў бағдарында Нөкис қаласындағы «Ишга марҳамат» Монорайы ҳәм оның аймақлық филиалларының жумысы ҳаққында мағлыўматлар берилди.

Ушырасыў соңында Министр ҳәм Доктор Арон Русселл арасында Қарақалпақстан Республикасындағы кем тәмийинленген, жумыссыз пуқараларды бийпул кәсипке бағдарлаў ҳәм олардың бәнтлигин тәмийинлеўге хызмет ететуғын әҳмийетли бирге ислесиў бағдарламасына қол қойылды.

Атап айтқанда бул бағдарламаның биринши басқышында Республикамыздың арқа районларындағы кем тәмийинленген, жумыссыз 20 пуқара ыссыханада заманагөй технологиялар тийкарында өним жетистириў бағдарына бийпул оқытылады. Ал, екинши басқышта болса, олар шөлкем тәрепинен бийпул ыссыхана ҳәм үскенелер менен тәмийинленип, өз хожалығында аўыл-хожалығы өнимлерин жетистиреди.

Мағлыўмат орнында, бул шөлкемниң 2012-жыл 20-июнь күни Рио-де-Жанейро (Бразиялия)да БМШтың Турақлы раўажланыў бойынша конференциясы шеңберинде шөлкемлестирилгенин, оның бас офиси Сеул қаласында (Қубла Корея) жайласқанын атап өтиў орынлы. Ал оның Өзбекстандағы ўәкилханасы 2022-жылдың 22-февраль сәнесинде өз жумысын баслады.

**Министрликтиң Мәлимлеме хызмети**

**2023-жылдың 10-июль сәнесинде Министр С.Турманов Өзбекстан Республикасының АҚШтағы елшиханасы сиясий-экономикалық бөлими баслығының орынбасары Эндрю Шайнесонды қабыллады.**



Өз-ара еркин пикирлесиў руўхында өткен сәўбетлесиў тийкарынан Республикада мәҳәлле системасы, онда ҳаял-қызлардың ҳуқықларын қорғаў ҳәм жергиликли халықтың миллий қәдриятлары ҳәм дәстүрлери ҳаққында болды.

Атап айтқанда, мийман Қарақалпақстандағы пуқаралардың өзи-өзин басқарыў уйымларының жумысы, бунда Министрликтиң тутқан орны, сондай-ақ, шаңарақлардың тынышлығы, аўызбиршилиги ҳәм абаданлығын тәмийинлеўдеги тәжирийбе менен қызықсынды.

Өз гезегинде Министр тәрепинен елимизде «Инсан қәдири ушын» принципи тийкарында мәҳәллерди абат етиў ҳәм шаңарақлардың абадан турмыста жасаўы ушын  исленип атырған кең көлемли реформалар ҳаққында кеңнен мағлыўмат берилди.

Ушырасыў жуўмағында мийман жыллы қабыл еткени ушын С.Турмановқа  миннетдаршылық билдирип, алдағы ўақытларда тараўда бирге ислесиўге таяр екенин билдирди.